Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 12 (6592) 12 март 2018 с. Итни Жумадул ахир 1439 с. Багьа 5 гъур.



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Диспансеризация, 249 гIарза ва ЕГЭ

**Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана сахлъи цIуниялъул ва ЕГЭялде хIадурлъиялъул суалалгун дандельи**

**5 марталда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана сахлъи цIуниялъул, ЕГЭ кьеялде хIадурлъиялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьоб лъураб, федералиял, регионалиял, муниципалиял идарабазул вакилзаби гIахьаллъараб дандельи.**



Дандельиялда гьединго гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместителал Рамазан АхIмаднабиев, Малик Маликов ва цогидалги.

«Россиялда гIадамазул ихтияр буго чIобого лъай босизе ва медицинаялъул кумек щвезе. Нухмалъиялъул вакилзабазда ва иш тIадал гIуцIабазда тIадаб буго медицинаялъул ва лъайкьеялъул хъулухъал качествалда ва жиндир заманалда гьаризе», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Гумбет районалъул централияб больницаялъул бетIерав врач МухIамад СайгидахIмадовас бицана сахлъи цIуниялъул учреждениязда бугеб хIалалъул.

Районалда гьабулеб буго халкъалъул диспансеризация. Араб анкьалъ медицинаялъул хIалтIухъаби ун рукIана ЦIиликь росулъе. Диспансеризациялъ гьорлъе вачана гьеб росулъа чIахIиязул гIелалъул 15 чи ва 53 цIалдохъан. ХIисабалде росун руго гьединалго сапарал цогидал росабалъеги гьаризе. ГIадамазул сахлъи цIуни ккола тохтурзабазул ва тIолабго пачалихъалъул тIадаб налъи», - ян абуна МухIамад СайгидахIмадовас.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас абуна, гьеб идараялде бачIараб 249 гIарзаялдасан 168 тIубанин, пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъги гьабун.

Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев ХIусен Мутаевас бицана налогал ракIари цIикIкIинабизе хIалтIулаб группаялъ рейдал гьариялъул бугеб пайдаялъул. Культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас абуна маданиял учреждениязда ва библиотекабазда 30 тадбир тIобитIанин араб анкьалъ.

Школазда ОГЭ ва ЕГЭ кьеялде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул бицана районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас.

Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас дандельиялъул хIасилал гьаруна. «Сахлъи цIуниялъул, лъайкьеялъул, социалиял суалал ккола нухмалъулезул хIаракатчилъиялъул хIалтIул бищунго кIвар бугел рахъал. Гьел ва цогидал бутIаби церетIезариялда тIад хадурккунги хIалтIизе ккола», - ян абуна районалъул бетIерас.

Дандельиялда рорхарал суалазда хурхун тIадкъаялги кьуна.

**«Гумбет» РИО**

2018 СОНАЛЪУЛ 18 МАРТ - РОССИЯЛЪУЛ ПРЕЗИДЕНТ ВИЩУЛЕБ КЪО

## ГIолохъабаз Бакълъулазул районалъул нухмалъиялъул рахъккуна

**Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов дандчIвана гIолилалгун**

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул кIалгIаялда 6 марталда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов дандчIвана районалда ругел ва район тун къватIир хIалтIулел, цIалулел ругел гIолилалгун.**



Россиялъул президент вищизе рищиял тIоритIулеб къоялде – 18 марталде хIадурлъиялъул, рацIцIадал рищиял тIоритIизе ккеялъул, щивав избиратель рищиязул участкабазде гьаракь кьезе вачIине ккеялъул суалал рорхана гьенир.

Дандельи рагьана ва бачана районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Дандельиялда кIалъазе рахъарал жамгIияв наблюдатель ХIажимурад МухIамадовас, квер жубараб рагъул речIчIухъан, Дунялалъул чемпион Халид МуртазагIалиевас, «Патриоты» жамгIияб цолъиялъул председатель Шамил ГIабдулахIажиевас, Гумбет районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиевас избирателал ахIана 18 марталда рищиязда киназго гIахьаллъи гьабизе.

Бицана гIадамазда бичIчIине кколин, жидеца гражданлъиялъулаб налъи тIубаялда бараб бугеблъи рищиязул лъикIаб хIасил ккей, рищиязда битIараб нух тIаса бищун, ритIухълъи цIунун гьаракь кьезе кколеблъи

Райцентралда дандельи тIобитIун хадур районалъул нухмалъулелги, район тун къватIир гIумру гьабулел гIолилалги ана ЧIиркъатIа, Игьали ва цогидалги росабазул гIадамалгун дандчIвазе.

**Къурмагъиз ХIадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Бергьаразе хIурматалъул грамотаби ва сайгъатал
-2 гьум.





Республикаялъулал къецаздаги бергьана цIа свинабиялъул № 45 идараялъул торгIо хIалезул команда
-2 гьум.



Бакълъулазул районалъе – спорт цебетIезабиялъул рахъалъ Дагъистаналда лъабабилеб бакI
-3 гьум.



Щивав избиратель гIахьаллъи - кIвар бугеб иш
-3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса Пали-хIажи



2018 СОНАЛЪУЛ 18 МАРТ - РОССИЯЛЪУЛ ПРЕЗИДЕНТ ВИЩУЛЕБ КЪО

# Комиссиялъ халгъабуна рищиязде хIадурлъиялъул

### Рищиязул участкабазда цIа ккеялдаса ва терроризмалдаса цIуниялъул суалалал рорхана

**Россиялъул президент вищиялде хIадурлъи унел гьал къоязда, Гумбет районалъул ведомствабазда гьоркьосеб комиссиялъ халгъабуна рищиязул участкабазда цIа ккеялдаса цIуниялъе ва терроризм гьукъиялъе гьабураб хIалтIул. Комиссиялъул председателасул заместитель Руслан Даитбеговас, ГОЧ-** щан. Рищиял тIоритIиялъул жавабиязулгун гара-чIвариял, гьезие малъа-хъваял гьаруна.

Анзор Нифталиевас абуна рищиязул участкаби хIалтIулел бакIазда аслияб кIвар буссинабизе кколебълъун цIа ккеялдаса цIуни бугилан. Гьединлъидал бакIалъул администрациялъул бетIерас, рищиялъул комиссиялъ, гьаркьал




**Салъул ишазул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерав специалист ГIабдурахIман Дайтмирзаевас, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул участковиял уполномоченниязул нухмалъулев УхIумагIали Загьидовас, Россиялъул МЧСалъул Дагъистан Республикаялда вугев дознаватель Анзор Нифталиевас тIобитIана гьеб халгьаби.**

Рищиязул участкаби хIалтIизе ругел минабахъ халгъабуна цIа свинабиялъул тIоцебесеб хIажалъиялъул тIагIелал, нагагь цIа ккани ва цоги хIужа ккани гIадамал нахъе рачиналъе шартIал руги-къезе санагIалъаби ругеб рукъ тIаса бищизе кколин.

Руслан Даитбеговас абуна рищиязул къоялъ гIадлунизам хварал ишал ккечIого рукIинелъун, терроризмалдаса цIунизелъун, гIадамазе малъахъваял гьаризе, гьезда гьоркьоб бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабизе кколин. Щаклъи бугел предметал ратани хIинкъи бугел ишал тIатани, къварилъи ккеялдаса цIуниялъул къагIидаби ричIчIинаризе лъикIаб букIинин.

Рищиял тIоритIулаго, рищиязул участкаби ругел рукъзабахъ цIа ккеялдаса цIуниялъе гьаризе тIадал ишазул бицана ГIабдурахIман Дайтмирзаевас.

**«Гумбет» РИО**

ЖАМГIИЯЛ ГIУЦIАБАЗУЛ ИШАЛ

# Бергьаразе хIурматалъул грамотаби ва сайгъатал

5 марталда Гумбет районалда тIобитIана районалъул руччабазул советалъул данделъи. Гьениб «2017 соналда руччабазул советалъ гьабураб хIалтIул хIасилал ва 2018 соналда церечIарал масъалаби» абураб кIалъай гьабуна районалъул руччабазул советалъул председатель Загьра ГIабдулаевалъ. Районалда хIалтIулеб буго 23 чIужугIаданалдасан гIуцIараб руччабазул совет, - ян абуна гьелъ. Бицана араб соналда гьез гьабураб хIалтIул, тIадчIей гьабуна гьаб соналда церечIарал масъалабазда. Рехсана араб соналда лъикI хIалтIарал цо-цо росабазул руччабазул советазул председателазул цIарал. Бищун лъикI хIалтIи гьабулей руччабазул советазул председательлъун рехсана МелъелтIа росдал поселениялъул руччабазул советалъул председатель Зулфия ХIажимурадова. Гьей цее яхъана араб соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьейгун.

КIалъазе яхъарай районалъул руччабазул советалъул председателасул заместитель ПатIимат ГъалбацIовалъ бицана лъималазе тарбия кьеялъул руччабазул бугеб кIваралъул.

Данделъиялда гIахьаллъана ва кIалъазе вахъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул коррупциялда данде кьеркьеялъул рахъалъ кумекчи МухIамад Хъарагишиев. Гьес руччабазда баркана ихдалил гьайбатаб байрам – 8 март. Гьарана гьезие лъикIаб щинаб. Бицана жамгIияталда чIужугIаданалъул бугеб кIваралъул. Гьаб соналъ 18 марталда тIоритIизе ругел улкаялъул нухмалъулев вищулев рищиязул бугеб кIваралъул ва гьениб жигараб гIахьаллъи гьабизе ккеялъул.

Районалъул администрациялъул рахъалдасан росабазул руччабазул советазда гьоркьоб гIуцIараб конкурсалда бергьаразе, гьединго росабазул руччабазул советазул жигарчагIазе кьуна ХIурматалъул грамотаби ва сайгъатал.

**ГIайшат Исламбиева**

2018 СОНАЛЪУЛ 18 МАРТ - РОССИЯЛЪУЛ ПРЕЗИДЕНТ ВИЩУЛЕБ КЪО

# Заманалъулаб оперативияб штаб, закон хвезаби биччангутIи...

### Рищиязде Россиялъул МВДялъул Бакълъулазул районалъул отделалъул хIадурлъи

**Хириял районцоял нилъеде тIаде щолел Россиялъул Федерациялъул президент вищулел рищиял. Нилъер районалда рищиязде кидаго кьола кIудияб кIвар ва гIахьаллъи гьабула цIикIкIунисел гIадамаз.**

Гьел рищиял тIоритIулеб заманалъ гьалмагъир ккечIого букIиналъе ва закониял тIалабал рищиязул участоказда цIуниялъе, полициялъги гьабула цо къадаралъулаб хIалтIи. Районалъул росабазул щибаб участокалда рукIине руго полициялъул хIалтIухъаби, гIуцIун буго заманаялъулаб оперативияб штаб, рихьизарун руго рищиязул заманалда кIудияб кIвар кьун цIунизе ругел объектал ва гь. ц. ГIуцIун буго закон хвезабураб хIужа бугони хехаб къагIидалда тIаде щолеб, хIалтIухъабазул къокъа. Рищиязул заманалда рищиязул участокабазул гIуцIарал комиссиязул гIахьалчагIи жиндир заманалда, квалквал гьечIого хьвадиялъе гьабизе буго нухазул хал. Жавабиял хIалтIухъабазда лъазе гьабун буго нухазда тIад букIине кколеб бербалагьи букIинабеян. Рищиязул заманалда бюллетенал, документал, ва цойги къваригIунеб алат цIуниялъе рихьизарун руго хIалтIухъаби.

Рихьизарун руго нилъер гIатIиракьалда ругел рищиязул участоказдаса комиссиягун цадахъ гьел цIуниялъе хIалтIухъабазул къокъа. Рищиял тIоритIизе ругел участокал цо къо цебеккун цIунизе руго ва хал гьабизе буго кинологазул къокъаялъ. Кинабго гьеб хIалтIи лъикI ине ва рищиял берцинго тIоритIиялъе жигараб кумек ва гIахьаллъи гьабизе ккола киналго нилъер районцоязги. Рищиязде данде, гьел хвезаризе кколеб гIадамазул хIакъалъулъ бугониги, анир-дора лъурал щаклъи бугел предметал ругониги, гьеб лъазабизе ккола полициялъул хIалтIухъабазда.

РакIалде ккола рищиял нилъер лъикIаб гIахьаллъигун, такъсирияб иш ва цойгидал закониял рахъал хвезарураб хIужа ккечIого тIоритIилин.

Цо-цо ккезе рес бугел административиял гъалмагъирал ва гьелъухъ тамихI:

Статья 5.10 Ко АП РФ - рищиял тIоритIулеб ва гьелда цебесеб къоялъ агитация гьабиялъухъ (гIакIа 1000 - 1500 аз. гъ.).

Статья 5.16 КоАП РФ - избирателазухъа гIарцухъ, сайгъатазухъ, ялъуни цойги гьелдаго релъараб цогидалъухъ, гьаракь бичун босиялъухъ (гIакIа 20000-25000 аз. гъ.).

Статья 5.22 КоАП РФ - гIадамазухъе цойги чиясул бакIалда ялъуни цо нухалдаса цIикIкIун гьаракь кьезе бюллетень кьуни, гьединго цIезе гьабураб бюллетень кьуни (гIакIа 30000 аз. гъ.).

Статья 5.69 КоАП РФ - рищиязул комиссиялъе ва гьаракь кьолезе квалквал гьабуни (гIакIа 2000 - 5000 аз.гъ).

**ГIамир ГIамиров, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев, жанисеб хъулухъалъул майор**

БАРКУЛА

# Республикаялъулал къецаздаги бергьана цIа свинабиялъул № 45 идараялъул торгIо хIалезул команда

**Россиялъул МЧСалъул Дагъистан Республикаялда ругел подразделениязда гьоркьор тIоритIарал торгIо хIаялъул къецазда тIоцебесеб бакI ккуна Гумбет районалъул цIа свинабиялъул № 45 идараялъул хIалтIухъабаз.**



ХIинкъи гьечIолъи цIуниялъул культураялъул лъагIеллъун лъазабураб 2018 соналъ Дагъистаналъул ралагьиялъулгун хвасар гьариялъул отделалъ тIоритIана торгIо хIаялъул къецал. Турнир тIобитIана Россиялъул МЧСалъул Дагъистан Республикаялда бугеб бетIераб управлениялъул начальник Нариман КазимухIамадовасул «ЦIа ккеялдаса цIуниялъул подразделениязда гьоркьор къецал тIоритIиялъул хIакъалъулъ» буюрухъалда рекъон.

Зоналиял ва финалиял къецал 2 этапалда тIоритIана 29 январалдаса 22 февралалде щвезегIан.

Зоналиял къецазда гIахьаллъана Дагъистаналъул централияб, югалъул ва севериял округалдаса МЧСалъул хIалтIухъаби.

ТIоцебесеб бакI ккуна Гумбет районалъул цIа ккеялдаса цIуниялъул № 45 идараялъул хIалтIухъабаз. Гьеб идараялъул нухмалъулев МухтарахIмад АхIмадовас командаялда баркана республикаялъулаб турниралда щвараб бергьенлъи ва гьарана хадурккунги церетIеял.

Бергьенлъи босаразе кьуна кубокал, медалал, дипломал ва цогидалги сайгъатал.

**«Гумбет» РИО**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА...

# «Ниж – наркотиказда данде»

### Ингишор тIоритIана футболалъул къецал

**Гумбет районалъул Ингишо росулъ гIолилазда гьоркьор тIоритIана футбол хIаялъул къецал «Ниж – наркоманиялда данде» абураб ахIиялда гъоркь.**



Гьеб тадбир гIуцIана росдал библиотекаялъул заведующая ПатIина АхIмадовалъул хIаракаталдалъун. Къецазда гIахьаллъана росдал гIолилазулги мадрасаялда цIалулезулги 4 команда, кинавниги 25 чи. Турниралда тIоцебесеб бакI ккуна мадрасаялда цIалулез, кIиабилеб бакI - росдал гIолилаз, лъабабилеб бакI - мадрасаялда цIалулез.

Къецазул гIахьалчагIазда цее кIалъазе яхъарай ПатIина АхIмадовалъ гIолилазда бичIчIизабуна къваригIел гьечIел, адаб тарал ишаздаса рикIкIад чIезе кколебльи, мугIалимазул, эбел-инсул, харабазул адаб-хIурмат гьабизе кколебльи, наркотикал хIалтIизариялъ сунде рачунелали. Гьел ахIана сахлъи бугеб гIумруялъе гIоло спорталде машгъуллъизе.

Бергьаразе кьуна гIарцулал сайгъаталги.

**«Гумбет» РИО**

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

## Бакълъулазул районалъе – спорт цебетIезабиялъул рахъалъ Дагъистаналда лъабабилеб бакI

### НурухIма МухIамадовасе кьуна Дагъистаналъул физкультураялъул ва спорталъул министерствоялъул ХIурматалъул грамота

**Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда тIобитIана ДРялъул ва спорталъул рахъалъ министерствоялъул гIатIидаб данделъи ва гьенир хIасилал гьаруна 2017 соналъ гьабураб хIалтIул ва бицана 2018 соналъ церечIарал масъалабазул.**

администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовасе кьуна ДРялъул физическияб культураялъул ва спорталъул рахъалъ Министерствоялъул ХIурматалъул грамота.

«Спортивиялгун халкьи-



Данделъиялда шапакъатал кьуна республикаялъул муниципалитетазда гьоркьоб, физическияб культура ва спорт цебетIезабиялъул рахъалъ 2017 соналъ гIуцIараб республикаялъулаб конкурсалда бергьаразе.

Конкурсалъул хIасилал гьарун, «2017 соналъ физическияб культура ва спорт цебетIезаби» номинациялда «Гумбет район» муниципалияб районалъ ккуна лъабабилеб бакI. Районалъул ял тадбирал тIоритIиялъул календарнияб планалда рекъон, араб соналъ 2000 спортсменги гIахьаллъун, 22 тадбир тIобитIана. Гьединго районалдаса 200 спортсменас гIахьаллъи гьабуна республикаялъулаб 11 кьецалда. Гумбет районалда хIалтIизабизе кьун буго футбол хIалеб гьитIинаб 5 байдан», - ян абуна НурухIма МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

## Щивав избиратель гIахьаллъи - кIвар бугеб иш

### Районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас данделъи тIобитIана

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас тIобитIана Россиялъул президент вищиялде** учреждениязул ва гIуцIабазул вакилзаби, школазул нухмалъулел. Гьениб бицана рищиязул кьоялъ бюллетенал рехизе щивав избиратель вачIине



**хIадурлъиялъул ва рищиял тIоритIиялъул хIакъалъулъ суал гьоркьоб лъураб данделъи.**

Данделъиялда гIахьаллъана ккеялъул, гьеб мурадалда бичIчIикьеялъул хIалтIи камиллъизабизе ккеялъул.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ХАЛКЪАЛЪУЛ УРГЪАЛИДА

## 686 къотIи-къай, 10843 хъулухъ, цо къоялъ 41 чи къабул гьави

**Гумбет районалда гIемерфункциялъулаб централъул филиал рагьаралдаса гIадамазе бигьалъана батIи-батIиял кагътазда хурхарал суалал тIуразаризе. Гьел ине кколаро гIуцIабазде, отделазде. ЧIезе кколаро гьенир иргаялда. Жакъа щивасул рес буго «Дир документал» централдеги рачIун кьваригIараб хъулухъ тIубазе. Гумбет басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана централъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовгун.**



**- ГIумар, бокьилаан гIемерфункциялъулаб централъ тIуралел хъулухъазул, гьелъул гIуцIиялъул хIакъалъулъ бицине?**

- «Дир документал» централда гIадамазул хъулухъал тIуразе документал къабул гьарула батIи-батIияб махщалил хIалтIухъабаз. КьваригIел тIубазе рачIаразухъа гьез тIалаб гьарула тIубалеб хъулухъалъул, административияб регламенталда рекъон, кьезе кколел документал, бицуна хъулухъ тIубалеб къагIидаялъул, гьелъул болжалалъул, росула гьезухъа телефоналъул номерал ва гьезухъе кьола документал росараб расписка. ТIадеги хIажатал документалги ракIарун нижеца кIиго къоялъул болжалалда документал кьола хъулухъ тIубазе кколеб идараялде. Хъулухъги тIубан, гьелъул хIасил щведал, телефоналдасан ахIула гьеб босизе рачIаян.

Централъул хIалтIи гIуцIун буго батIи-батIиял гIуцIабазулгун гьарурал къотIи-къаязда рекъон. Жакъа къоялде республикаялъулаб централъ хъван буго гьел гIуцIабазулгун 686 къотIи-къай. Гьезда гьорлъе уна федералиял гIуцIабазулгун – 12, республикаялъулал гIуцIабазулгун – 35, Гумбет районалъул муниципалиял гIуцIабазулгун – 16 къотIи-къай.

Рехсарал къотIи-къаязда рекъон централдасан щвезе рес буго 373 хъулухъ. Гьездасан федералияб – 47, республикаялъулаб – 144, муниципалияб – 74, батIи-батIиял гIуцIабазул 108 хъулухъ.

**- Дуца рехсарал гьел хъулухъазул гIадамазе мунпагIат бугищ? Кинал хъулухъал гьел кколел?**

- ТIадехун рехсарал хъулухъал кkола унго-унгоги гIадамазул тIалаб цIикIкIарал хъулухъал. Рехсезе бокьун буго предпринимателазе, юридическиял гIуцIабазе щвезе рес бугел хъулухъал. Буго гIураб хасаб программа «МФЦ бизнесалъе», жинда гьорлъги нусгоялдаса цIикIкIун хъулухъ бугеб. Масала, субсидиял, дотациял, грантал щвей, бизнес-планал гьари. Буго Россиялдаго гIуцIцIараб сайт «Бизнес навигатор». Гьениб хъвай-хъвагIай гьабизе рес буго МФЦялдасан.

Централда лъезе бегьула гIадамазда тIад ругел налогал, гIакIа, судебниял приставазул налъаби. Гьединго рес буго сбербанкалъул банкоматалдасан бецIун кинабго тIаса инабизеги. Араб соналда терминалалдасан кьун буго 3 млн. 250 азарго гъурущ. Гьелдасан госпошлина лъун буго цо миллионгин 200 азарго гъурущ. Гьелъул республикаялъулаб бюджеталде бачIун буго хайир 600 азарго гъурущ.

**- Бокьилаан араб соналда нужер хIалтIул ккарал хIасилазул бицине?**

- Араб соналда филиалалъ районалъул гIадамазул тIубан буго 10843 хъулухъ. Гьеб кола 2016 соналде данде ккун 153 проценталъ цIикIкIун. Щибаб хIалтIул къоялъ централъ къабул гьавун вуго 41 чи. Нижеца тIуралел батIи-батIиял хъулухъазул сияхI 200 ялдаса цIикIкIун буго.

ТIурарал хъулухъазул цIикIкIараб къадар буго гIадамазул рукIа-рахъиналда, социалияб рахъалда хурхарал. Масала, захIматалъул ва социалияб рахъ цебетIезабиялъул министерствоялъул (лъималазе пособие чIезаби, хIалтIи гьечIезул хъвайхъвагIай гьаби) – 452, ОП-ФРалъул (сертификат кьей, гьеб хIалтIизаби, пенсияби чIезари) – 769, росреестралъул ва кадастровияб палатаялъул (буголъи учеталда лъей, гьелъул бетIергьанлъиялъул хъвай-хъвагIай гьаби) – 1151, районалъул ва росабазул муниципалиял хъулухъал – 591, цIияб паспорт боси, гьеб хиси, прописка гьаби – 505, коммуналиял хъулухъазе харж гьабураб гIарац нахъ буссинаби 55 хъулухъ.

**- Ахираб заманалда киназго тIадчIей гьабулеб буго электроннияб къагIидаялда хъулухъ гьабиялда. Гьеб рахъалъ нужеца гьабулеб хIалтIи.**

- Интернет – порталалъул кумекалдалъун гIадамазул рес буго гIемерисел хъулухъал рокъорги чIун тIуразе. Электроннияб къагIидаялда хъулухъ тIубани, госпошлинаялъул къадар 30 проценталь учуз букIин гуребги, рес кьола хъулухъ тIубаялъул болжал дагь гьабизе. Гьединго хъулухъ тIубаялъул къагIидаги, хIажалъулел документалги, бланказул, гIарзабазул формабиги, гьел цIезарулел къагIидабиги, тIубалеб заманги мухIканго рехсон букIуна. Электроннияб къагIидалъ хъулухъ тIубазе ккани, тIоцебесеб галилъун кола гьениб регистрацияги гьабун, личный кабинет рагьи. 2017 соналда электроннияб къагIидаялда Гумбеталда бугеб централъул порталалда хъвай-хъвагIай гьабун буго 4463 чиясул. Гьеб кkола 2016 соналда гьабун букIаралде данде ккун гIемерго цIикIкIун.

**- МелъелтIа росулъ гуребги, цогидал росабазул гIадамазе рес бугищ жидего росулъ хъулухъал тIуразе?**

- ГIадамазе жалго ругеб бакIалда хъулухъ тIубаялъе гIоло, районалда рагьун буго 8 ТОСП. Гьел рагьун руго Аргъвани, ЦIилихь, ЧIиркъатIа, Игьали, Гьарадирихъ, Килалъ, Гъоркь Инхо, ТIад Инхо росабалъ. Гьел росабазул гIадамазул рес буго МелъелтIе рачIинчIого росабазул администрациялдасан хъулухъал тIуразе.

**- Нужеца тIуралел хъулухъал гIадамазда ричIчIинариялъе гьабулеб хIалтIи кинаб бугеб?**

- Нижер хIалтIул аслиял рахъазул цояблъун кkола информационнияб хIалтIи. Централъул хIалтIул хIакъалъулъ макъалаби лъола социалиял ва районалъул сайтазда. Араб соналда «Гумбет» газеталда бахъун буго 30 гIанасеб макъала. ГIахьаллъи гьабула районалда тIоритIулел тадбиразда, росабалъ тIоритIулел данделъабазда. ДандчIвала батIи-батIиял гIуцIабазул, идарабазул нухмалъулелгун, щола школазде ва гь. ц. «Дир документал» централда гьарула батIи-батIиял акциял, презентациял, рагьарал нуцIбузул къоял. Гьединго хIалтIухъаби хьвадула росабалъе, рокьорокьоре ун рикьула буклетал, кагътал. Централъ хIаракат бахъулеб буго гIадамазул хъулухъ тIубай бигьа гьабизе гуребги, гьезул кумекчагIилъун рукIинеги.

**- Ахиралда щиб дуе абизе бокьилеб?**

- Районалъул газета цалулезде гьари буго гIемерфункциялъулаб централъ тIуразарулел хъулухъазул хIакъалъулъ рокьоб, мадугьалихь бициеян. Нижер хIалтIухъаби хIадурал руго нужер мурадал тIуразе.

РачIа нижехъе!

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиеваль**

ВНИМАНИЕ!

## В связи с наступлением пожароопасного периода, во всех лесах района запрещается

**1. Разводить костры - в сосновых лесонасаждениях, на горельниках, на участках поврежденных ветровалом, снеголомом, на лесосеках с оставленными порубочными остатками и верхушками деревьев, в местах с сухой травой, а также под кроной растущих деревьев или вблизи дерева и других опасных местах.**

В остальных местах разведение костров допускается



на площадках, очищенных до минерального слоя почвы и окаймленных окопанной минерализованной полосой шириной не менее 0,5 метров. По истечении надобности - костер должен быть тщательно потушен и залит водой или засыпан землей.

2. Бросать горящие спички, окурки и горячую золу в лесу.

3. Употреблять при охоте пыжи из легковоспламеняющихся или тлеющих материалов.

4. Оставлять промасленный или пропитанный бензином, керосином или др.горючими веществами обтирочный материал.

За несоблюдение Правил пожарной безопасности в лесах предусмотрена материальная, административная и уголовная ответственность:

Статья 8,32 КоАП РФ. Нарушение правил пожарной безопасности в лесах.

За нарушение правил пожарной безопасности в лесах - влечет наложение административного штрафа:

на граждан в размере от 1500 до 3000 рублей;

на должностных лиц в размере от 10000 до 20000 рублей;

на юридических лиц от 50000 до 200000 рублей

Статья 261 УК РФ. Уничтожение и повреждение лесных насаждений

1. Уничтожение и повреждение лесных насаждений, и иных насаждений, в результате неосторожного обращения с огнем или иными источниками повышенной опасности— наказывается штрафом в размере до 400 тысяч рублей, или в размере зарплаты, или иного дохода осужденного за период до 18 месяцев, либо исправительными работами на срок до двух лет, либо лишением свободы на срок до двух лет.

2. Уничтожение и повреждения лесных насаждений и иных насаждений путем поджога, иным общеопасным способом либо в результате загрязнения или иного негативного воздействия:

-наказывается штрафом в размере от 250 тысяч до 400 тысяч рублей, или в размере заработной платы, или иного дохода осужденного за период от одного года до двух лет, либо лишением свободы на срок до пяти лет со штрафом в размере от 100 тысяч до 300 тысяч рублей, или в размере зарплаты, или иного дохода осужденного за период от одного месяца до одного года, либо без такового.

Уважаемые граждане! Просим соблюдать «Правила пожарной безопасности в лесах Российской Федерации!»

**ГКУ «Ботлихское лесничество», комитет по лесному хозяйству РД**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# О внесении изменений в части первую и вторую Налогового кодекса Российской Федерации и отдельные законодательные акты Российской Федерации

### Уважаемые налогоплательщики

**Межрайонная ИФНС России №12 по РД сообщает, что Президентом РФ подписан Федеральный закон от 28.12.2017, № 436-ФЗ «О внесении изменений в части первую и вторую Налогового кодекса Российской Федерации и отдельные законодательные акты Российской Федерации».**

Законом, начиная с 2017 г., вводится налоговый вычет, уменьшающий земельный налог на величину кадастровой стоимости 600 кв.м площади земельного участка (далее - вычет). Так, если площадь участка составляет не более 6 соток - налог взыматься не будет, а если площадь участка превышает 6 соток - налог будет рассчитан за оставшуюся площадь.

Вычет применяется для категорий лиц, указанных в п. 5 ст. 391 Налогового кодекса Российской Федерации, далее - НК РФ (Герои Советского Союза, Российской Федерации, инвалиды I и II групп, инвалиды с детства, ветераны Великой Отечественной войны и боевых действий и т.д.), а также для всех пенсионеров.

Вычет применяется по одному земельному участку по выбору «льготника» независимо от категории земель, вида разрешенного использования и местоположения земельного участка в пределах территории страны.

Для использования вычета за 2017 год можно будет обратиться в любой налоговый орган до 1 июля 2018 г. с уведомлением о выбранном участке, по которому будет применен вычет. Если такое уведомление не поступит от налогоплательщика, то вычет будет автоматически применен в отношении одного земельного участка с максимальной исчисленной суммой налога.

Таким образом, за 2017 год исчисление земельного налога будет проводиться с учетом налогового вычета, предусмотренного ст. 391 НК РФ и дополнительно установленного на муниципальном уровне размера не облагаемой налогом суммы для отдельных категорий налогоплательщиков.

Федеральный закон от 30.09.2017 № 286-ФЗ «О внесении изменений в часть вторую Налогового кодекса Российской Федерации и отдельные законодательные акты Российской Федерации» (пп. 8, 12, 16 ст. 1) с 2018 года изменил порядок обращения физических лиц с заявлением о налоговых льготах по имущественным налогам.

Так, физические лица, имеющие право на льготы по транспортному налогу, земельному налогу или налогу на имущество, установленные законодательством о налогах федерального, регионального или муниципального уровня, по-прежнему, представляют в налоговый орган по своему выбору заявление о предоставлении налоговой льготы, а также вправе, т.е. могут по желанию (а не обязаны, как было ранее) представить документы, подтверждающие право на налоговую льготу.

В случае, если документы, подтверждающие право налогоплательщика на налоговую льготу, в налоговом органе отсутствуют, в т.ч. не представлены налогоплательщиком, налоговый орган по информации, указанной в заявлении о предоставлении налоговой льготы, запрашивает сведения, подтверждающие право на налоговую льготу, у органов, организаций, должностных лиц, у которых имеются эти сведения. Лицо, получившее такой запрос исполняет его в течение семи дней или сообщает в налоговый орган о причинах неисполнения запроса.

Налоговый орган в течение трех дней со дня получения указанного сообщения обязан проинформировать налогоплательщика о неполучении по запросу сведений, подтверждающих право на налоговую льготу, и о необходимости представления налогоплательщиком подтверждающих документов в налоговый орган.

Применение с 01.01.2018 г. указанной нормы потребовало утверждение новой формы заявления о предоставлении налоговой льготы, что реализовано приказом ФНС России от 14.11.2017 № ММВ-7-21/897@.

Кроме того, лицо, не являющееся пользователем личного кабинета налогоплательщика, может выбирать способ информирования о результатах рассмотрения его заявления: в налоговом органе, МФЦ, через который подано заявление, либо по почте.

Обратиться с заявлением о предоставлении льготы по имущественным налогам можно в любой налоговый орган, в т. ч. через личный кабинет налогоплательщика. Информация о наличии права на льготу по определённому налогу в конкретном муниципальном образовании размещена на сайте ФНС России в сервисе «Справочная информация о ставках и льготах по имущественным налогам» (https://www.nalog.ru/m77/service/tax/).

Соответствующая система налогообложения для сельскохозяйственных товаропроизводителей (ст. 346.1 НК РФ) устанавливала, что индивидуальные предприниматели, являющиеся налогоплательщиками единого сельскохозяйственного налога, освобождаются от обязанности по уплате налога на имущество физических лиц (в отношении имущества, используемого для осуществления предпринимательской деятельности).

С 01.01.2018 г. Федеральным законом от 27.11.2017 № 335-ФЭ (п. 57 ст. 2) в указанные нормы НК РФ внесены изменения, согласно которым индивидуальные предприниматели могут «льготировать» только имущество, используемое для предпринимательской деятельности при производстве сельскохозяйственной продукции, первичной и последующей (промышленной) переработке и реализации этой продукции, а также при оказании услуг сельскохозяйственными товаропроизводителями.

Таким образом, законодатель продолжил тенденцию ограничения права на льготы при налогообложении имущества лиц, использующих специальные налоговые режимы, реализованную в Федеральном законе от 02.04.2014 № 52-ФЗ «О внесении изменений в части первую и вторую Налогового кодекса Российской Федерации и отдельные законодательные акты Российской Федерации» для применяющих упрощенную и патентную системы налогообложения, а также единый налог на вмененный доход для отдельных видов деятельности.

**А. Абдулаев, заместитель начальника межрайонной инспекции ФНС России № 12 по Республике Дагестан, советник государственной гражданской службы РФ 3 класса**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1090
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.